# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सहारनपुर में मुख्यमंत्री युवा उद्यमी विकास अभियान –सीएम युवा के तहत तीनि सौ पैंसठ उद्यमियन के ऋण क चेक अउर ओडीओपी के तहत गुड कार्विंग प्रोडेक्ट बनवले क टूल्स आ प्रमाण पत्र बंटलें। येह दौरान मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस में नया उद्यमी तइयार कइल जा रहल हवें। एकर सुरूआति मुख्यमंत्री युवा उद्यमी योजना के जरिया से हो रहल हौ। एकरे तहत पहिला फेरा में एक लाख नौजवानन के बिना बेयाजि क लोन दीहल जा रहल हौ।

**हर युवा प्रतिभाशाली है बस उसे अवसर मिलना चाहिए और यह सरकार डबल इंजन की सरकार जब कार्य करती है तो उसके लिए लोक हित और राष्ट्रीय हित सर्वोपरि है और लोकहितत और राष्ट्रहित को ही ध्यान में रख करके हम किसी कार्यक्रम को आगे बढ़ते हैं।**

उहां के कहलीं कि सूक्ष्म, लघु अउर मध्यम उद्यम–एमएसएमई क बहुत बड़हन बेस प्रदेस में हौ। प्रदेस पहिला राज्य हौ, जहवां एमएसएमई यूनिट के सुरक्षा गारंटी दीहल जा रहल हौ। आपदा के दौरान कउनों उद्यमी के साथे कउनों घटना चाहे दुरघटना भइले पर पांच लाख रूपिया क सुरक्षा बीमा दीहल जा रहल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कई जिलन में भइल बरखा के देखत अधिकारियन के पुरहर तत्परता से राहति कार चलवले क निरदेस दिहले हवें। श्री योगी कहले हवें कि अधिकारी इलाका क भ्रमण कइ के राहत कार पर नजरि रक्खें अउर परभावित लोगिन के मददि करें। सथहीं, फसलिनि के भइल नोकसान क आकलन कइ के सासन के आख्या उपलब्ध करावल जाय, जवने से एहसे जुड़ल अगिला कार्यवाही कइल जा सके।

**********

प्रदेस क पूर्व मुख्यमंत्री हेमवती नंदन बहुगुणा के पुण्यतिथि के मौका पर आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के योजना भवन स्थित उनके मुरती पर फूल चढ़ा के सरधांजलि दिहलें। श्री योगी कहलें कि बहुगुणा जी महान स्वतंत्रता सेनानी भइले के सथहीं देस क बरिस्ठ राजनेतो रहलें। लोकतांत्रिक मूल्यन के प्रति उनकर अपार निस्ठा रहल।

**********

प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु महराजगंज के दौरा पर पहुंचलिन। येह दौरान श्रीमती पटेल कई गो योजनन क समीक्षा कइ के अधिकारियन के जरूरी दिसा–निरदेस दिहलिनि। उहां के कलेक्ट्रेट परिसर में आयोजित परदरसनी क अवलोकन कइलीं अउर लाभारथियन के योजना से जुड़ल किट आ प्रमाण पत्र दे के सम्मानित कइलिनि। श्रीमती पटेल अपने सम्बोधन में कहलिनि कि लइकन के सिक्षित कइ के प्रधानमंत्री के विकसित भारत के सपना के साकार कइल जा सके ला। जब सज्जो योजना बेटियन ले पहुंची तब्बे बेटी बचाओ, बेटी पढ़ाओ के लक्ष्य के पावल जा सके ला। राज्यपाल बिहने कुशीनगर क दौरा करिहें। कुशीनगर क जिलाधिकारी वैभव मिश्रा बतवलें कि राज्यपाल आंगनबाड़ी किट बंटले के सथहीं लाभारथियन के जमीनि क पट्टा अउर टीबी रोगियनों के पोसण पोटली दीहें।

**********

वक्फ संसोधन विधेयक पर संसद के संयुक्त समिति क अध्यक्ष जगदम्बिका पाल कहले हवें कि ई विधेयक गरीब मुसलमान लोगिन के पक्ष में हौ। वक्फ संसोधन विधेयक पर ऑल इंडिया मुस्लिम पर्सनल लॉ बोर्ड के बिरोध पर श्री पाल नई दिल्ली में संवाददाता लोगिन से कहलें कि सदन में चारि सौ अट्ठाइस पन्ना क रिपोर्ट पेस कइल गइल हौ अउर वक्फ बोर्ड क बेहतरी बदे संसोधन कइल गइल बा।

***किरण रिजीजू संसदीय कार्य मंत्री ने कहा कि इसको शायद एक जॉइंट पार्लियामेंट्री कमेटी बनाकर के उसको रेफर कर दें। जिससे इसपे और एग्जास्टिव डिस्कशन डेलिबरेशन हो सके, सभी देश के स्टेकहोल्डर से मिल सके। सरकार की मंशा खुद साफ थी कि पूरे देश के मुस्लिम संगठनों से इनकी बातें सुनी जा सके। एक बेहतर कानून बनाया जाए।***

**********

जौनपुर जिला के सिकरारा इलाका के बनसफा के प्राचीन नागेश्वर महादेव मंदिर क सुन्दरीकरण होई। जिला पर्यटन अधिकारी मीनाक्षी यादव ई जनकारी दिहलिनि। उहां के बतवलीं कि करीब सत्तानबे लाख रूपिया से प्रस्तावित सुंदरीकरण क काम के सासन से मंजूरी मिलि गइल हौ। येह कार बदे अट्ठावन लाख रूपिया क पहिला किस्तियो जारी हो गइल हौ। जिला पर्यटन अधिकारी कहलिनि कि मंदिर क जीर्णोद्धार अउर सुन्दरीकरण से पर्यटन के बढ़ावा मिली।

**********

सीनियर भाजपा नेता अउर पूर्व केन्द्रीय मंत्री डॉक्टर देवेन्द्र प्रधान क आजु भिन्नहीं नई दिल्ली में सरगबास हो गइल। उहां के चौरासी बरिस क रहलीं। सरगबास क सूचना मिलले पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी नई दिल्ली स्थित उनके आवास पर जा के उन्हें सरधांजलि दिहलें। ओहीं, प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से सोक जतावत पूर्व केन्द्रीय मंत्री के सरधांजलि दिहले हवें। सरगबासी डॉक्टर प्रधान क बेटा धमेन्द्र प्रधान देस क केन्द्रीय सिक्षा मंत्री हवें।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, बस्ती, देउरिया अउर अम्बेडकरनगर के सथहीं आसपास के कई जिलन में आजु भिन्नहीं हल्लुकाहे बरखा के साथे ओलो परल। मौसम विज्ञान विभाग के मोताबिक एक्कइस अउर बाइस मार्चो के पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना हौ।

**********